Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Зыпэрыт Іэнатіэм екъулІэныгъэхэр зэрыщаІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхылъыр етын

Муллаев Мыхьмуд Шарабудин и къуэм - къэрал Іуэхущ1аПІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэм;

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Кармазина Иринэ Валерий и пхъум - къэрал Іуэхущ1аПІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм Пенсэ фондымкІэ и Прохладнэ район управленэм пенсэхэр гъэувыныгъэ ахэр щІэуэ къэбжыхьымкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэр

Жылокъуэ ФатІимэ Валерий и пхъум - къэрал Іуэхущ1аПІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм бюджетымкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм дыгъэгъаазэм и 18-м
№183-УГ

Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и кІуалІэкІум гъэувын **Афэщ1ыж Юрий Сэфарбий и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм дыгъэгъаазэм и 18-м
№185-УГ

Ямыгъэзэщ1эну унафэхэр къэщтэн хуейкъым

КъБР-м и Іэтащхьэр яхуэзащ республикэм и Парламентым щыІэ фракцэхэм я унафэщ1хэм



КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІа зэІущІэм республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм щыІэ фракцэхэм я унафэщІхэр щытепсэлъыхьащ 2015 гъэм депутатхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэмрэ дызыхуэкІуэ илъэсым къуэв къалэнхэмрэ. КІуэкІуэ Юрий щІыхубэм я лІыкІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ ахэр властым и гъэзэщІакІуэ органхэм тэмэму зэрадлажьэм икІи экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ зегъэужьыныкІэ праВовой лъабжьэхэр зэрызэтрагъэувам папщІэ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ КъБР-м и Парламентым хъищтащ республикэм и финанс документ нэхъыщхьэр. Зэгурыіуэу икІи зэщІэгъэуІуауэ зэрызэдэлажьам и фІыщІэкІэ Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым къигъэув къалэн нэхъыщхьэхэр нэсу къэпытуа хъуащ. Бюджетым щелэжьым къагъэсэбэпащ Парламентым хэт фракцэ псоми къыхалъхьахэр. «Иджы нэхъыщхьэ дыдэр зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр фІэкІыпІэ имыІэу гъэзэщІэнырщ. ТхылъымпІэу къэнжьыну унафэхэм дэ зыкІи дыхуейкъым, абы къыхэкІыу дэтхэнэ унафэри зэрыпхагъэкІ щыкІэм хуэгъэза парламент кІэлъплъыныгъэр гъэлъэщ1пхъэщ», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм гулъытэ хэха щыхуащІащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэпэщІэтыныжьмкІэ лэжьыпхъэхэм. КъыхагъэщхьэхукІащ щІэблэщІэр гъэсэным, абы и лъэныкъуэкІэ еджапІэхэм, унагъуэхэм зэфІагъэкІхэм зэпымыууэ зэрыщІэлъэплъып-хъэр. «ЩІалэгъуалэм я зэхэщІыкІыр къэІэтыныр хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкІэ лэжьыгъэхэм я Іыхьэ нэхъыщхьэу къэлъытапхъэщ», - къыщагъэлъэгъуащ зэІущІэм.

2016 гъэм Къэрал Думэм и депутатхэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахыну щытепсэлъыхьым КІуэкІуэ Ю. А. къыхигъэщхьэхукІащ хэхыныгъэмкІэ законодательствэм тету цІыхуэм Іэ яІэтыныжьмкІэ Іэмалхэр къахуэгъэпэщын, властым и лэжьэкІэр нэхъ зэІухауэ икІи сэбэпынагъ къыпэкІуэу зэтегъэувэн, республикэм жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыныгъэр щыхъумэн зэрыхуейр.

«Урысей зэкъуэт» фракцэм и унафэщІ Афэщ1агъуэ Михаил, «ЩхъуантІэхэр» фракцэм и унафэщІ Щ1хьэгъэпсо Сэфарбий, «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» фракцэм и унафэщІ Азычэ Светланэ, ЛДПР-м и фракцэм и унафэщІ Гриневич Валерий, КПРФ-м и фракцэм и унафэщІ Пащты Борис сымэ зэакъылэгъуу тепсэлъыхьащ бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпым, щІыр зэрагуэшым, экологие щытыкІэм зэрыкІэлъыплъыр гъэткІиин зэрыхуейм. Апхуэдэу зэІущІэм къыщІэтащ егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм папщІэ Іэщ1агъэлІэр зэрагъэхьэзырыр егъэфІэкІуэным, мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэ щхьэхуэхэм я зыужьыныгъэр щІагъэхуэбжьэным, ветеранхэм защІэгъэкъуэным ехьэлІа Іуэхугъэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аПІэ.

Шэджэм районым и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр Жанкишиев Жэгъэфар игъэзэщІэнущ



И уэнушагъэр зэрызэкІэлъыкІуэм къыхэкІыу Ахъуэхъу Къанщобий Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъым текІын хуей хъуащ. Мы муниципальнэ щІыналъэм и уставым ипкъ иткІэ а къулыкъур игъэзэщІэнущ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ Жанкишиев Жэгъэфар.

Шэджэм районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1аПІэ.

Хэт сымэ Москва кІуэнухэр?

● Партхэм

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и XXIV ячейкэ конференцыр 2015 гъэм дыгъэгъаазэм и 22-м сыхьэт 11-м Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым къыщІэзІуахынущ. Абы щытепсэлъыхьнущ дызэрыт илъэсым кърикІуахэм, илъэсыщІэм зэфІагъэкІыну я мурадхэм.

Конференцым щыхахынущ партым и ХV съездым и делегату мазаем Москва кІуэнухэр.

Конференцым иужькІэ партым и щІыналъэ къудамэм и политсоветым и зэІущІэ ирагъэкІуэкІынущ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№244 (23.152) ● 2015 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Республикэм и пенсионерхэр Іуэхутхьэбзэхэр къахуэзыщІэхэм яхуэарэзыуэ щытыпхъэщ

УФ-м и Пенсэ фондыр къыззрызэрагъэпэщ1рэ илъэс 25-рэ щрикъум и пэ къыхуэу КъБР-м и Іэтащхьэр яхуэзащ а Іуэхущ1аПІэм и къудамэу республикэм щыІэм и унафэщІхэм. Къызэхуэсахэм абы мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ зэхуигъэзащ:

- Дыгъэгъаазэм и 22-м илъэс 25-рэ ирокъу Урысей Федерацэм и Пенсэ фондыр къызэрызэрагъэпэщ1рэ. ИпэжыпІэкІэ фондыр иджырей Урысейм и ныбжьэгъуш. Апхуэдэу щыщІэткІэ, ди къэралми хуэдэу, а илъэсхэм абы гъэгъуанэ мытынш къызэринэкІащ икІи цІыхуэр пенсэкІэ къызэзыгъэпэщ Іэнатіэщ1э зэтегъэувэным пыща къалэн инхэр игъэзэщІащ. А къэрал Іуэхущ1аПІэр зыпэрыува лэжьыгъэм екъулІауэ жыпІэ хъунущ.

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и лэжьэкІэм нобэ елъытащ ди цІыхуэхэр ящыщ куэдым я псэукІэр. Ди республикэм и закъуэ абы Іуэхутхьэбзэхэр щ1ахуещІэ пенсионеру мини 195-м нэблагъэм, апхуэдэу анэхэм хухах ахъшэр зрату мин 50-м, нэгъуэщІу жьпІэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхуу исым я Іыхьэ щанэм нэблагъэм.

Фондым иІэ социальнэ мыхьэнэм щытепсэлъыхьым КІуэкІуэ Ю. А. къыгъэлъэгъуауэ: «Пенсионерхэр яхуэарэзыуэ щытын хуейщ абыхэм Іуэхутхьэбзэхэр къахуэзыщІэхэм».

«Ди лэжьыгъэм иджыри ныкъусаныгъэ пыухыкІахэр хэлъщи, ахэр зэрыдгъэзэкІуэжьыным яужь дитынущ, ауэ, нэхъыщхьэр арщи, - къыгъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Бакъ Николай, - 2016 гъэм пенсэхэр гъэувынымрэ ахэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гугъуехьэхэр щыІэнукъым. Абы и лъэныкъуэкІэ дэ Іэмал псори диІэщ».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аПІэ.

Мыгувэу къызэІуахыну сабий Іуэхущ1аПІэ иныр зэрагъэхьэзырам КъБР-м и Іэтащхьэр йоплъ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ къыпщытащ ныбжьыщІэ минитхум щІигъу зэкІуэлІэну «Дыгъафіэ къалэ» творчествэмкІэ сабий академиер къызэрызэІуахынум зэрыхуэхьэзырыр.

ЛЭЖЬЫГЪЭ псори ухуакІуэхэм нагъэблэгъащ. Метр зэбгъуэнатІэ мини 8-м щІигъу къызэрыкІ ухуэныгъэр мафІэсым зэрызыщ1ахьумэ ІэмэпсымэхэмкІэ зэгъэпэщащ, пэшхэр зэкІэлъыкІуэу яГъэплъ. ЦІыкІуэр щыжеину, щеджэну пэшхэр, шхапІэхэр, къэфэным, спортым зыщ1ыхьагъасэ, зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІ пэшыщхэхэр зыхуей хуагъэзащ, иджырей унэльащІэхэр, оборудованэр щІагъэуващ. ЗэІузэпэщ ящІащ Іуэхущ1аПІэм и пщІантІэри. Абы и кум хуэзэу республикэм щынэхъ ин дыдэ, метр 16 зи лъагагъ псейр щагъэуващ. Гулъытэ хэха хуащІащ зи Іэпкъпэпкъыр тэмэму къызыдэмыбз сабийхэм папщІэ зыхуеину Іэмэпсымэхэр гъэувыным.

Іуэхущ1аПІэщІэм и щытыкІэр щыщІипщытыкІым КъБР-м и Іэтащхьэм и гъусащ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, подряд Іуэхущ1аПІэхэм, Налшык къалэ администрацэм я унафэщІхэр.

Сабий творчествэмкІэ академиер 2015 гъэм дыгъэгъаазэм и 26-м къызэІуахынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аПІэ.

● Лъэпкъ Іуэху

Адыгэхэр зыгъэпІейтейр

ДАХ-м и Х Конгрессым щыхаха Гъэзэщ1акІуэ гупыр дыгъэгъазэм и 19-м япэу Налшык щызэІущ1ащ. Абы кърихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыналъэ политикэмкІэ и Управленэм и унафэщІ Къуэжей Артём, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ1аПІэхэм ядэлэжьэныгъэр лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и управленэм и унафэщІ КІурашын Анзор, тхакІуэ Мэшбащ1э Исхьэкъ, илъэс зэхуэмыдэхэм ДАХ-м и тхьэмадэу щытахэу Нэхущ Заурбий, Дзэмыхь Къасболэт, Ажахъуэ Къанщобий сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар къэкІуэну илъэсищым ДАХ-м и лэжьыгъэр зэриубзыхуну щыкІэрщ, лъэпкъым и пащхьэ къит къалэн нэхъыщхьэхэрщ, 2016 гъэм зэфІагъэкІын хуейуэ къапэщылъхэрщ. Апхуэдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и комитету блы къызэрагъэпэщри, абы и унафэщІхэри щылэжьэнухэри хахащ, къищынэмыщІауэ Іуэхугъуэ зыбжанэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ.

Адыгэр зыгъэпІейтейуэ нобэ и пащхьэ къит къалэн нэхъыщхьэр Сирием щекІуэкІ зауэм ди лъэпкъэгъуэхэр къыхэшыныр, хэкум къэІэпхъуэжхэр зыхуей хуэгъэзэныр арати, абы екъэлІауэ къэпсэлъащ ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **Бырсекъуэ Орфанрэ** ди республикэм къэІэпхъуэжахэм я Іуэху зыІутым фІыуэ щыгъуазэ, ДАХ-м и Къэпщытакіуэ гупым и унафэщІ **Губэщ1ыкІ Владимиррэ**.

ЗэІущІэм къыщІэздащІащ ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ еІанэгъэ илъэс 25-рэ зэрырикъум папщІэ егъэкІуэкІыпхъэхэр, Адыгейм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ1э Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ 2016 гъэр тхакІуэм и илъэсу гъэувыныр. КъищынэмыщІауэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыхилъхьэри, ДАХ-м деж Нэхъыжьхэм я совет къыщыізэрагъэпэщащ, абы и тхьэмадэу хахащ Мэшбащ1э Исхьэкъ.

КЪЭБАРТ Мирэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 31 пщІондэ

УФ-м къыхуагъэва экономикэ мардэ ткІийхэм Европэ зэгухьэныгъэр тетынущ дызыхуэкІуэ илъэсым и бадзэуэгъуэм и 31 пщІондэ. Санкцэхэм зэрыпащэм теухуа унафэр дыгъуасэ къищтащ ЕС-м и Советым.

«Минск щызэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа псори 2015 гъэм дыгъэгъаазэм и 31 пщІондэ зэрызрамыгъэхъулІэфынум къыхэкІыу, санкцэхэм пытщэн хуей мэхъу. Апхуэдэу щытми, щытыкІэм фІыкІэ зэрызихъуэжари къыхэгъэщ1ипхъэщ», - щыжеІэ Советым абы теухуауэ зэбгригъэха хъыбарегъащІэм.

«ЕС-м, къыгурымыІуэжми, апхуэдэ щІыкІэкІэ езым и пщІэр иреудыхыж. Кьимыдэкіэ, санкцэхэр ягъэув икІи абыхэм пащэ абыкІэ арэзырэ мыарэзырэ зэмыупщІа я цІыхубэм я цІэкІэ. Апхуэдэ Іуэхугъэ бгъэдыхьэкІэм кърикІуэ экономикэ гугъуехьхьэр зыгъэвхэр, абыхэм я хьэлъэр нэхъ зытещІэр а къэралхэм я цІыхуэ къызэрыгуэкІхэр арауэ зэрыщытри къалъытэрэкъым», - жиІащ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1 Нарышкин Сергей.

Хэхыныгъэхэм кърикІуахэр

Тхьэмахуэ махуэ кІуам Испанием щекІуэкІа парламент хэхыныгъэхэм щытекІуащ Унафэр зыІэщІэлъ цІыхубэ партыр.

Ар даІыгъащ хэхакІуэхэм я процент 29-м нэблагъэм икІи абы щыщу цІыхуи 123-рэ хэтынущ къэралым и парламентым.

ЕтІуанэ увыпІэр къихьащ Испаниеи и социалистическэ лэжьакІуэ партым - абы хэт парламентар 90-м зи лІыкІуэхэм я Іуэху еплъыкІэхэр пхагъэкІыну Іэмал ягъуэтащ. Ещанэ увыпІэр зыльыса «Подемос» партым щыщ депутат 69-ри яхэтынущ хабзэубзыхуэхэм.



♦Урысей Федерацэм и Пенсэ фондыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ ирокъу

♦1790 гъэм Суворов Александр зи пашэ урысыдзэм Измаил тырку быдапІэр къищтащ. Уэсмэн пащтыхьыгъуэмрэ Урысеймрэ Яссы къалэм (а зэманым Молдавием щыщу щытащ, иджы Румыниием хохьэ) 1791 гъэм дыгъэгъаазэм и 29-м щызэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ быдапІэр Тыркум иратыжауэ щытащ.

♦1857 гъэм Урысей империем и Пощт департаментым унафэ къищтащ япэ пощт маркхэр къэралым къыщагъэсэбэпыным теухуауэ. Ялэ урысейпсо пощт маркэм щаитІ и уасэт, и тиражыр мелуаниц хъурт.

♦1920 гъэм Советхэм я VIII съездым къыщащтащ Урысейр электрификацэ щыным теухуа къэрал планыр (ГОЭПРО).

♦1965 гъэм Сингапурыр республикэ хъуащ.

♦2001 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуаПІэ.

♦2005 гъэм Москва щызэхэтащ Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэща зэІущІэ.

♦Италием щыщ, дуней псом щыцІэрыІуэ композитор **Пуччини Джакомо** къызэралъхурэ илъэси 157-рэ ирокъу.

♦Гу докутыр щІрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, РАН-ми РАНМ-ми я академик, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бокерие Лео** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэрэтехьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 14, жэщым градус 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущ1агъэ:

Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхуэхэр зэрэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● КъБР-м и Парламентым

Щіалэгъуалэм ядэлэжьэныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ

2015 гъэр и кІэм нэблэгъащ, абы къыдэкІуэу КъБР-м и Парламентым и бжыхьэ сессиери еух. Ильэсым къринКІуахэм, законхэр къыдэгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІаХэм, апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щіалэгъуалэ палатэм иригъэкІуэкІ лэжьигъэр зыхуэдэм теухуауэ иджыблагъэ дэ депсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмкіэ, щіалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ.

- Светланэ, фи комитетым къыхилъхьэу сыт хуэдэ законхэр е жэрдэмхэр иужьрей зэманым Парламентым щыпхигъэКІа?

- Депутатхэм законхэр къыдэгъэкІыным теухуауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу тІу иІэщ. Ахэр зэманым кІиГъэуэ кьалэнхэм ялэджэк законыщІэхэр зэхэлъхьэнымрэ иджыпсту зекІуэ республикэ закон щхьэхуэхэр федеральэ законодательствэм егъэзэгъыжьынымрэщ.

Ди комитетым хэтхэм зэпымыуэ щІапщытыкІ иджыпсту зекІуэ федеральнэ, республикэ законодательствэр. Иджыблагъэ Парламентым кьищтащ «Балигъ мыхъуахэм я жылагъуэ гъэсакІуэхэм я Іэхэуклэ» КъБР-м и Законым и 1-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр. А статьям хальхьа зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэгъэзэар жылагъуэ гъэсакІуэу щытыну хуит ямыІуІ щыхъуэм, федеральнэ законодательствэм кьызэрригъэувым тету, зыхуэфащэ гупхэр хэгъуэвэжьынырщ. Апхуэдэхэм ящыщщ суд унафэкІэ тралъхьа тезырыр зымыпшынахэр, щыхъм мамыру, шынагъуэншэу псэунымкІэ иІэ хуитыныгъэр кьызэрызэпаудам палщІэ уголовнэ жэуапльм ирашэлІэхэр.

2015 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къащтащ «Егъэджэныгъэм и Іэхуэкіэ» КъБР-м и Законым и 5-нэ, 11-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр. Абы ипкъ иткІэ пхагъэкІа зэхъуэкІыныгъэхэр зытеухуар профессиональнэ курыт Іэщ1агъэ, Іэщ1агъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт еджапІэхэм республикэ бюджетым и хьэкъкІэ ирагъэджэну къащтэхэм я бжыгъэр, апхуэдэу сабийхэм зэрагкІэльпльым, зэрызэрахьэм папщІэ адэ-анэм нэхъыбэ дыдэу кьыІах хъуну ахъшэр муниципальнэ щІыналъэхэм ятеухуауэ зэраубыхуэр КъБР-м и Правительствэм и компетенцэм хэгъэхьэныр.

- КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щіалэгъуалэ палатэм и лэжьэкІэм арэзы фыкъыщІэрэ? Уэ дауэ къэплъытэрэ - а палатэм и эзфІэкІыр зыхуиунэтІын хуейр щіалэгъуалэм я Іэхуэхэм я закъуэ зэмэрэ республикэ законхэр зэхэлъхьэнми хэтыпхъэ?

- Щіалэгъуалэ палатэр ди комитетырщ си нэІэ щІэтыр, абы кьыхэкІыу парламентар ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр убзыхуным дэ зэпымыуэу гулъытэ худощІ. ЗэрыгурыІуэгъуэщ, ахэр зыпэмыльащхэри щыІэщ, ауэ зэрыщыту кьапщтэмэ, палатэм хэтхэм жьыджэрагъ нэс яхэлъщ.

КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щіалэгъуалэ палатэм и еплІанэ хэхьагъуэм лэжьэн зэрыщІидзэрэ зы илъэс хъущ. А зэманым кьриубыдэу палатэм хэтхэм щіалэгъуалэ политикэм и Іэхуэгъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа зэІущІэхэр, еджакІуэхэм правовой щІэныгъэ щрагъэгъуэт дерс зэІухахэр, социологие кьэхутэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІащ. Абыхэм кварталкъэс щІалэщІыкІ хущхьэу нэхъ гъэтыгъуейхэмрэ ерыскьыпхъэ нэхъыщхьэхэмрэ я уасэхэр. Абыхэм кьадэкІуэу, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхъэм зэрыщытекІуэрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуауэ зэхахлъхьа планым ипкъ иткІэ, щіалэхэмрэ хъыджэбзкэрэ ветеранхэм я псэукІэр зыхуэдэм кІэлъоплъ икІи абыхэм зэрахуэфІэкІкІэ ядоІэныкъу.

Уэыщ1эупщІа Іэхэм и етІуанэ Іыхьэр къэсщтэнщи, Щіалэгъуалэ палатэм хэтхэр республикэм щекІуэкІ щіалэгъуалэ Іэхуэхэм дгъэзэжьащ. Иджыблагъэ Парламентым кьищтащ «Балигъ мыхъуахэм я жылагъуэ гъэсакІуэхэм я Іэхуэкіэ» КъБР-м и Законым и 1-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр. А статьям хальхьа зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэгъэзэар жылагъуэ гъэсакІуэу щытыну хуит ямыІуІ щыхъуэм, федеральнэ законодательствэм кьызэрригъэувым тету, зыхуэфащэ гупхэр хэгъуэвэжьынырщ. Апхуэдэхэм ящыщщ суд унафэкІэ тралъхьа тезырыр зымыпшынахэр, щыхъм мамыру, шынагъуэншэу псэунымкІэ иІэ хуитыныгъэр кьызэрызэпаудам палщІэ уголовнэ жэуапльм ирашэлІэхэр.

2015 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къащтащ «Егъэджэныгъэм и Іэхуэкіэ» КъБР-м и Законым и 5-нэ, 11-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр. Абы ипкъ иткІэ пхагъэкІа зэхъуэкІыныгъэхэр зытеухуар профессиональнэ курыт Іэщ1агъэ, Іэщ1агъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт еджапІэхэм республикэ бюджетым и хьэкъкІэ ирагъэджэну къащтэхэм я бжыгъэр, апхуэдэу сабийхэм зэрагкІэльпльым, зэрызэрахьэм папщІэ адэ-анэм нэхъыбэ дыдэу кьыІах хъуну ахъшэр муниципальнэ щІыналъэхэм ятеухуауэ зэраубыхуэр КъБР-м и Правительствэм и компетенцэм хэгъэхьэныр.

- КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щіалэгъуалэ палатэм и лэжьэкІэм арэзы фыкъыщІэрэ? Уэ дауэ къэплъытэрэ - а палатэм и эзфІэкІыр зыхуиунэтІын хуейр щіалэгъуалэм я Іэхуэхэм я закъуэ зэмэрэ республикэ законхэр зэхэлъхьэнми хэтыпхъэ?

- Щіалэгъуалэ палатэр ди комитетырщ си нэІэ щІэтыр, абы кьыхэкІыу парламентар ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр убзыхуным дэ зэпымыуэу гулъытэ худощІ. ЗэрыгурыІуэгъуэщ, ахэр зыпэмыльащхэри щыІэщ, ауэ зэрыщыту кьапщтэмэ, палатэм хэтхэм жьыджэрагъ нэс яхэлъщ.

КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щіалэгъуалэ палатэм и еплІанэ хэхьагъуэм лэжьэн зэрыщІидзэрэ зы илъэс хъущ. А зэманым кьриубыдэу палатэм хэтхэм щіалэгъуалэ политикэм и Іэхуэгъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа зэІущІэхэр, еджакІуэхэм правовой щІэныгъэ щрагъэгъуэт дерс зэІухахэр, социологие кьэхутэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІащ. Абыхэм кварталкъэс щІалэщІыкІ хущхьэу нэхъ гъэтыгъуейхэмрэ ерыскьыпхъэ нэхъыщхьэхэмрэ я уасэхэр. Абыхэм кьадэкІуэу, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхъэм зэрыщытекІуэрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуауэ зэхахлъхьа планым ипкъ иткІэ, щіалэхэмрэ хъыджэбзкэрэ ветеранхэм я псэукІэр зыхуэдэм кІэлъоплъ икІи абыхэм зэрахуэфІэкІкІэ ядоІэныкъу.

Уэыщ1эупщІа Іэхэм и етІуанэ Іыхьэр **иригъэкІуэкІа зэІущІэхэмрэ ящыщ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэр хэрихьэлІэу къызэригъэпэщ1а псалъэмэкъэмрэ сыт хуэдэ Іуэху нэхъыщхьэхэр къыщІэтэ?**

- Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмкіэ, щіалэгъуалэ политикэмкіэ комитетым и жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щіэныгъэ лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм ядэІэпыкъуным теухуа зэІущІэ. Абы щаубзыхуащ щіэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм зэран нэхъ кьахуэхьу лъэпощхьэпхэмрэ ахэр кьызэнэкІынымкІэ хэкІыпІэхэмрэ.

ЗэІущІэм щыхэплъащ зэрыщыту щіэныгъэм и Іэнатіэр къэзылъхьэ щхьэусыгъуэхэм. Депутатхэри Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэри нэхъ зыгъэпІейтейхэм ящыщ ЩІалэгъуалэ щіэныгъэ лэжьакІуэхэр зэрагъэпэщащ щыкІэр, щіэныгъэр, власть, бизнесыр зэрызэпыщІар, щіэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм лэжьапщІэ зэрыратырэ абыхэм псэныгъэм и лъэныкъуэкІэ хуагъэув шэсыпІэхэмрэ. Къэпсэлъахэм ящыщу нэхъыбэм кьызэралъытамкІэ, щіэныгъэ Іэхуэщіапіэхэмрэ еджапІэ цІэрыІуэхэмрэ щіэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм зыщагъэсэным теухуауэ кьежІуэкІыу щыта хабзэхэр зэтегъэуВэжьыпхъэщ.

ЩІалэгъуалэм Іэщіагъэ егъэзэгъэтынымкІэ Іэнатіэм и лэжьыгъэр нэсу убзыхуауэ пхужьІэнукъым. Абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ гугъуехьхэм ятеухуауэ щытащ Старэ Шэрэдж кьуажэм ХьэмдэхъУ Башир и цІэр зэрихьэу дэт Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ колледжым кьыщыщІэдгъэпэща зэІущІэр. Абы кьыщыпсэльащ Парламентым и депутатхэр, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лЫкІуэхэр, вузхэм я лэжьакІуэхэр, колледжхэм я унафэщІхэр. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщщ иджыпсту республикэр зыхуэнакІуэ ІэщІагъэхэм я бжыгъэр тэмэму кьызэрамыпщІэфыр, абы и лъэныкъуэкІэ зэман кІыхьым тещІыхьауэ Іэху пыухьикІахэр зэрызэхамылъхьэр, а псоми кьадэкІуэу рабочэ Іэщіагъэхэм пщІэшхуэ зэрыхуамылъыжьыр. Ныкъусаныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ Іэщіагъэхэм щыхуагъасэ Іэхуэщіапіэхэм зи Іэпкъльэпкъыр тэмэму кьызыдамыбзэщІыкІэрэ зэрымыкІэ Іэмалхэр зэрыщымыІэр, абыхэм зэрыщрагъаджэ Іэмэпсымэхэмрэ оборудованмрэ жьы дыдэ зэрыхъуар, Іэхуэщіапіэхэр мылъкуклэ нэсу кьызэрызэрамыгъэпэщыфыр.

2015 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм едгъэкІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ щіалэгъуалэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр кьыщызэпамылъыжьыным, мыхъумыщІагъэхэр щамылІэжьыным хэзгъэзэа профилактикэм. Мы Іэхуэм иджыпсту уимыгъэпІейтейуэ кьэзэнэкъым. Нэхъ шынагъуэ дыдэращи, щіалэгъуалэм ящыщу уголовнэ кьуаншагъэхэр зылэжьхэм я бжыгъэм зэпымыІуэу хохъуэ. Абы кьегъэльагъуэ профилактикэ лэжьыгъэр зэмыгъэзэжьыжьуар.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхур щызэпкъраха зэІущІэм хрихьэлІащ Сабийм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ Іугъуэ Светланэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лЫкІуэхэр, КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щіалэгъуалэ палатэм щыщхэр. Хабзэм псоми зэакъылэгъуу жаІащ балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэхэмкіэ комиссэм мы лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэщІигъэуІуэн зэрыхуейр.

Апхуэдэу зэІущІэм щыжаІахэм япкъ иткІэ ящащащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал властым и органхэм, щіэныгъэ организацэхэм, щіэныгъэ нэхъыщхьэ щІагъэгъэуІуэт и еджапІэхэм, мы Іуэхум пыщІа адрей лъэныкъуэ псоми яхуэгъэза чэнджэщхэр. Ахэр нэгъэсауэ гъэзэщІа хъуну икІи егъэджэныгъэмрэ щіэныгъэмрэ щіалэгъуалэ политикэмрэ ежьэлІа Іуэхуэхэм апхуэдэ лэжьыгъэм зыкъыдагъэзэну дыщІыгугъынщ.

УРЫСМАМБЭТ Беллэ.

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондыр къыІэрыІэгъэпэщрэ нобэ, дыгъэгъазэм и 22-м, илъэс 25-рэ ирокъу. Абы теухуауэ щытащ Пенсэ фондым КъБР-м щиІэ кущдамэм Налшык къалэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щригъэкІуэкІа зэІущІэр. Республикэм и къэрал къулыкъущІэхэр, жылагъуэ зэгурыІуэныгъэхэм я лЫкІуэхэр ящыщІыгъуэ плІанэр зыгъэлъапІэ Пенсэ фондым и Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и гупым я махуэшхуэмкІэ абдеж щехъуэхъуащ, лэжьакІуэ куэдым гулъытэ хуащІащ.

ЭКОНОМИКЭ щіэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щІыхь зиІэ и экономист, «Урысейм и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыІэ» къэрал Іэхуэщіапіэм и унафэщІ **Бакъ Николай** зэхъуэхэр кьызэІуихри, кІэщІу кьытеувыІащ илъэс 25-рэ пІалъэм кьриубыдэу яГъэта зыужьныныгъэм. Бухигъэщащ республикэм и пенсэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр я лэжьыгъэм зэрыкъуэпсжьм и фІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ пенсионерми и чэзум я пенсэр зэраІэрыхьэр.

Пенсэ фондыр и Іуэхущіапіэхэмкіэ и лэжьакІуэхэмкІи тэмэму зэфІэувэ зэрыхъуажьмкІэ абы фІыщІэ яхуищІащ мы Іэнатіэм и унафэщІу щыта Щомахуэ Михаил, ХьэсанэРуслан, Щауэжь ХьэсэнэбИй сымэ. Абы псалъэ гуапэ яхужиІащ Пенсэ фондым и лэжьыгъэр зыубзыхуэ нэхъыжьхэмэ.

● Пенсэ фонд

ЛІэщІыгъуэ плІанэ

Махуэшхуэ зэхъыхьэр езыгъэкІуэкІ Чып Марьянэрэ Аттаев Азнорр утыкум къарагъэблагъащ Урысейм и Пенсэ фондым и Управленэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІ **Гетман Михаил**.

- Дэ дрогушхуэ КъБР-м щыІэ кьудамэр и Іуэхущіафэкіэ Урысейм, Ипщэ щыналъэм щынэхъыфІхэм зэращыщым. Жылагъуэм я Іуэху еплъыкІэр зэгъэщІэныкІэ Урысейпсо центрым иригъэкІуэкІа щІэупщІэныгъэм кьызэрригъэгъуэмкІэ, ПФР-м и кьудамэу КъБР-м щыІэм и щіналъэ Іуэхущіапіэхэм щылажьэхэм щыхуэхэр яхуэарэзыщ. ПФР-м и щіналъэ Іэнатіэ 85-м я деж Къэбэрдей-Балъкъэрым 9-нэ увыпІэр щІиІыгъ. Къыхэгъэщіпхъэщ, фи гупыр фІыуэ зэрылажьэм къыдэкІуэу, спорт екъуІлІэныгъэхэмкІи зэрыщІэрыІуэр, - жиІащ кьэщІэм икІи Пенсэ фондыр илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуауэ ирагъэкІуэкІа урысейпсо зэхъэзэхуэм щытекІуа ведомствэм волейболымкІэ щыхубзхэм я командэм япэ увыпІэр кьызэрихьамкІэ ехъуэхъуащ.

Республикэм и пенсэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и кьуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ кьуэдзэ **Дадэ МуІэед**, КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, щЫхурэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэу хъумэнымкІэ и министрым и кьуэдзэ **Романовэ Еленэ**, КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщікъуэ ФатІимэт**, УФ-м Къэрал Іуэхущіапіэхэмрэ жылагъуэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзхэм я республикэ комитетым и унафэщІ **Бакъ Фаинэ** сымэ.

Урысейм и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэ нэхъыфІхэм ираташ Парламентымрэ Правительствэмрэ, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, профсоюз зэгухьэныгъэхэм, «Урысейм и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыІэ» къэрал Іуэхущіапіэм я фІыщІэ, щІыхь тхьылъхэр. «Урысейм и Пенсэ фондыр илъэс 25-рэ ирокъу» юбилей дамыгъэр илъэс 20-м щІигъкІэ лэжьыгъэр КъБР-м щыІэ Пенсэ фондым щезыхьэкІа лэжьакІуэ 40-м я Іэнатіэхэм щратыжынущ.

Махуэшхуэ зэхъыхьэм кърихьэлІаХэм я гукъыдэжьыр кьаІэташ, я нэгу зрагъэужьащ КъБР-м и кьэфакІуэ, уэрэджэлІакІуэ, артист цІэрыІуэхэм.

УАРДЭ Жантинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Дыгъэгъазэм и 22-р Энергетикым и махуэщ

Экономикэм и лъабжьэр къызэзыгъэпэщ ІэнатІэ

Энергетикэм я зи чэзу профессиональнэ махуэр мы гъэм Іуэху дахэм ирихьэлІащ. Щіыхуэб хозяйствэм зэрызиужьыну и ялэ къэрал план зэхэтыр къызэращтэрэ дыгъэгъазэм и 22-м илъэс 95-рэ ирокъу. Электроэнергетикэрэ хэту, ди республикэм лъэныкъуэ псомкІи зиужьщІыным теухуауэ Урысейр электрификацэ щІыныкІэ Къэрал комиссэм зэхилъхьауэ щыта а экономикэ программэм мыхьэнэшхуэ игъэзэщІащ. «ГОЭЛРО-м и план» цІэр иІэу ар тхыдэм хьыхащ.

Республикэм и энергетикэр сыткІи хуэщІауэ я юбилейм ирохьэлІэ. Кавказ Ищхъэрэм и МРСК Іуэхущіапіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм ди щІыналъэр токкІэ къызэрегъэпэщ, ар ятрегуашэ, псэуалъэхэм яхупещІэ. Киловольти 110-0,4-м хуэщІа уэгу кІапсэу километр минипщІым щІигъу, псори зэхэту мегаватт 1048,5-рэ зи льэщагъ, киловольти 110-35-рэ зэкІуалІэ подстанцу 73-рэ, киловольти 6-10/0,4 щагуэш трансформатор пункту 2100-рэ къагъэсэбэп.

Я профессиональнэ махуэм ирихьэлІэу дэ зыхуэдгъэзащ щіыналъэ кьудамэм и унафэщІ Гъубжокъуэ Юрий.

Гъубжокъуэ Юрий

- Экономикэр зыхэт гугъуехьхэр фи Іэнатіэм кьызэрылъЭІэсам щэч хэлъкъым. Арами, ГОЭЛРО-р илъэс 95-рэ, ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъуа мы гъэм фи лэжьыгъэр кьызэрывмыгъэтІэсхьар гурыІуэгъуэщ. Фхуэзфікэлхэр пэублэу зэхэплъхьажмэ, илъэсыр дауэ къефхьэлІауэ жыпІэ хъуну?

- Ди кьалэн нэхъыщхьэр щіыхуэмрэ Іуэхущіапіэхэмрэ зэблэмыІуэу токкІэ къызэрэпэщынырщ. Ар зымащІкІи зыщыщІэгъэпщэрэкъым. Экономикэр зыхэт гугъуехьхэр дэри кьытпъэІэсар пэжщ. Ауэ сызыкьымыгъэхъужу жьісІэнщи, дыщІэгушхуэн лэжьыгъэ диІэщ, нэгъабэ нэхърэ нэхьыфІу илъэсыр доух, нэхъыщхьэу дубзыхуэ псори зэдгъэхъуІащ. Кавказ Ищхъэрэм и энергокомпаниеэм ящыщу подстанцэхэм я Іэмэпсымэхэр зэуІуу ззэыгъэпэщыж гуп щхьэхуэхэр зиІэр ди закъуэщ.

Республикэр электрокъарукІэ ирикъуу къызэрэпэщыным пыщІа Іуэхугъуэ псори гъэхуауэ йокІуэкІ. Сом мелуани 110-рэ зыхухэтэха ремонт программэр пропринто 101-кІэ дгъэзэщІащ. Илъэсым и кІэм ар процентти 103-м нэсыну дыщогучъ. Киловольти 110-0,4-рэ щызэблэкІ ток кІуаІэу километр 726-м щІигъу къызызэтыншэу зздгъэпэщыжащ, уэгу линэу километр 203,3-рэ, зи пІалъэр икІа пкъууэ 799-рэ, изолятору 6458-рэ тхъужащ. Трансформатор подстанцу 340-рэ зздгъэпэщыжащ, киловольти 110-6-м хуэщІа, дагъэкІэ лажьэ зэрыІуач Іэмэпсымэу 135-рэ, токыр къэзыт трансформатору 6, нэгъуэщІхэри нэхъ къызэрыгуэкІыу ремонт тщІащ. Зэдзарэзыуэ къэпщта инвестицэ программэмкІэ зыхуэдгъэувыжам щІедгъэгуащ, абы пыщІа Іуэхугъэ гъэзэщІэным сом мелуан 45-м и пІэкІэ мелуан 56-рэ хэттъхьащ.

Іэнатіэр хъумэным догугъу. Зэрыдгъэувам тету, кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэм зэрапэщІэтыпхъэм ди лэжьакІуэхэр зэпымыІуэу худогъаСэ. Электрокъаруэр зэрыІуач, зэрыІуадзэ, зэрызэщхьэщах, къэхъукъащІэхэм зэрызащхъэмэ, зэтезыхуэх, технологие, связь Іэмэпсымэхэр Іуэхум хуащІащ. Мыри кьыхэзгъэщынут: пэжьапщІэмкІэ щІыхуэ лъэпкъ ттелъхьам, зы гъи къэмынэу абы хьдогъахъуэ, мазищ къэс дэтхэнэми саугъэткІэ дахуоупсэ, илъэсым и кІэм епщыкІущанэ уГадуэ ядот. Республикэм ар щызыхуэзфІэкІыр закъуэтІакъуэщ. Сригушхуэу кьэзгъэлъэгъуэну сыхуейт сетхэм токыу щыкІуэдыр нэгъабэ елъытауэ процент тІощІкІэ зэрыдгъэмэщІар. Ар ди ехьулІэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

- Электрокъаруэу кІуэдыр хуэдитІкІэ зэрыыгъэмащІар Кавказ Ищхъэрэм и энергосистемэ псом дежкІэ кьызэрымыкІуэу щапхъэ наІуэщ. Ар сыт хуэдэ Іэмалкіэ зэвгъэхъуліа, Юрий?

- ЩІыналъэ кьудамэм и унафэщІ сыщыхъуэ 2005 гъэм токым и процент 36,5-р кІуэдырт. Иджы ику иту ар зэрыхужыр процент 15,49-рщ. ЩІытыкІэм зедгъэхъужьын щхьэкІэ, лэжьыгъэшхуэ идогъэкІуэкІ. Іэмэпсымэхэр дегугъуу зыдогъэпэщыж, щІэкІэ зыдохъуэкІ, электрокъаруэ кьагъэсэбэпыр кьызэральытэ щІыкІэр, Іуэхугъэбзэхэм я фІагъэр идогъэфІакІуэ. А псом кьыдэкІуэу, токыр зыдыгъуэхэр кьыдохутэ, жэуапым идошалІэ. Псалъэм папщІэ, щэкІуэгъуэ кІуам и 1-м хуэзэу сом мелуан 33,6-рэ хэщІыныгъэу кьыдатати, мелуан 22-р едгъэпшыныжащ.

- Дунейм и къэхъукъащІэхэм я «къарур» мызэ-мытІэу мы гъэм вгъэунэхуащ. Аруан, Прохладнэ щІыналъэхэр ящыщщ ар нэхъыбэу зыльэІэсахэм. Мыбдеж фи къалэнхэм дауэ фапэльэщІа?

- Хъарзынэу зэрыщытащ. Аруан щІыналъэм и сымаджэщ нэхъыщхьэмрэ жылагъуэ щхьэхуэхэмрэ токыр щызэпыуати, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущіапіэхэм сыхьэт зыбжанэм кьриубыдэу пІалъэ хэхакІэ электрокъарур иратыжащ, иужькІэ зэпымыуэу псоми Іэрагъэхьэжащ. Ар и фІыгъэщ зыкъыримыкІуэ щытыкІэхэм япэщІэт гуп щхьэхуэхэр Іуэхум зэрыхуэІэзэм, я кьалэнхэм фІыуэ зэрыхащІыкІым, къыщынэмыщІауэ, дызыхуей техникэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ хьэзыру зэрыпІыгъым. Зэгъэпэщныгъэ Іэмэпсымэхэр щІэдгъэсинщІэн папщІэ, адрей районхэм я электросетхэм щыщІ гупхэри ззщІэдгъэуІуащ.

- Мы гъэм фызыхуэнэмысахэм, фигу нэхъ зыхуэныкъуэхэм я гугъу уэдгъэщІынут, Юрий.

- Нэхъыбэу дызыгъэпІейтейр токыр зыщІэжхэм ятелъ щІыхуэрщ. Инвестицэ программэм хэтлъхьа мылъкур мы гъэм зэгъуэрурэ ззщІэдгъэуІуащ, уеблэмэ, зытетщІыхьауэ щытам щІедгъэгъуащ, ауэ ятІанэгъэ ар тхуэзфІэмыкІынкІэ дошынэ. «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ПАО-м и дебитор щІыхуэу сом мелардрэ мелуан 655-рэ щІыналъэ сеть организацэхэм иджыпсту ятелъ. Абы щІыщу сом мелуан 897-р «НГЭК» ОАО-м, мелуан 588-р «Къэббалъкъкомму-нэнерго» МУП-м, сом мелуан 77-р «ЩІэджэмэнерго» МУП-м хуоз. Куэд щІакъым, 2010 гъэм инвестицэ программ сом мелард хэтлъхьауэ щытащ. Иджы а Іуэхум дыкъыпкІын хуей мэхъу. Токыр зэрытедгъашэм хуэзэр кьызэрыдамытыжьым и зэрыкІэ, Іэнатіэхэм ирикъуу мылъку тхуэлъхьажьрэкъым. Ар республикэм и энергосистемэм и зыужьныныгъэр щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэр щытыкІэм щыгъуазэщи, хэкІыпІэ кьыхуагъуэтыну дыщогучъ.

- Энергетикым и махуэм ирихьэлІэу фи лэжьакІуэхэм сыт хуэдэ псалъэкІэ захуэбгъэззэнт?

- Дызэрыщигъуазэщи, электроэнергетикэм ди гъащІэм кьалэныщхуэ щІегъэзащІэ. Жылагъуэ экономикэр зыхуэдэнур абы и щытыкІэм, и зыужьыкІэм кьыгуэхьпІэ имыІэу пыщІащ. Кьызэрыхэзгъэщащи, мы гъэм кьытпэщыта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ псори хъарзынэу зэфІэтхащ. Ахэр зи Іэрыкьыр ди цыхьу гуащІафІэхэрщ, я махуэм хуэфащэу ирихьэлІэ Іэщіагъэлі Іззэхэрщ. Ди лэжьакІуэхэм я цІэкІэ, сэ кьызбгъэдэкІыу энергетикэм, ди Іуэхум гуащІэшхуэ хэзылъхьа ветеранхэм я профессиональнэ махуэмкІи ГОЭЛРО-м и планыр илъэс 95-рэ зэрырикъумкІи сохуэхуэ. Гушхуэныгъэ, зэІузэпэщынныгъэ, мамыр гъащІэ яІэну, я щІэхэкІи я унагъуэкІи узынщэну си гуапэщ.

Епсэльар **ХЬЭЖЬКЪАРЭ Аликщ.**

Дин пэжым и хабзэхэр

Абу-Хьэнифэ и цІэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислам университетым мы махуэхэм щокІуэкІ республикэм и къуажэ Іимамэжрэ абыхэм я дэІэпыкъуэгъуэмрэ я щіэныгъэм хагъэхъуэн папщІэ къызэрагъэпэща чэзу егъэджэныгъэхэр. Ар къыщыІэзІуахым ирихьэлІащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

- ДИ ГУАПЭЩ университетым мыпхуэдэ унэ зэрыхуохар. Абы и фІыгъэкІэ дэ Іэмал дгъэуташ еджапІэм кьеКІуалІэхэр зыхуэныкъуэ псомкІи зыхуэІ хуэдгъэзэну, - жиІащ егъэджэныгъэхэр къызэІузыхьа, КъБР-м и Мусылъымэн Іэхуэщіапіэм и унафэщІ Дзасэжь Хьэзрэтэлий. - ЕджапІэ пэшхэмкІэ нэсу къызэгъэпэщауэ дызэрыщытым и фІыгъэкІэ университетым щеКІуэкІ егъэджэныгъэхэм кьыдэкІуэу, Іимамэжм я щІэныгъэм кьадгъэхуэну Іэмал диІэ хуэщІ. КъурІэныр бджьыныр Іуэху кьызэрыгуэкІыжьым икІи абы щІэныгъэ кьу зиІэхэр уи пашэу бгъэдэхьэн хуейщ. ТхылъпІэшхуэм и псалъэхэм я мыхьэнэр пэжу кьишхипхъэщ, зэгурымыІуэныгъэхэр кьыхэмыкІын щхьэкІэ.

АдэкІэ диным и лэжьакІуэхэм захуигъэзащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

- Псом япэрауэ, фІыщІэ яхузощІ егъэджэныгъэхэр кьызэрыгуэкІыр ар езыгъэкІуэкІыжьм. Си гуапэщ университетыр егъэпІэ пэшхэм кьыщыщІэдзауэ шхапІэхэмкІэ нэгъунэ нэгъэсауэ кьызэрэпэща зэрыхъуар. Иджыпстурей зэманым мыхьэнэшхуэ зиІэщ цІыхубзым дин пэжым и хабзэхэр нэсу кьагурыгъэІуэныр. Муслъымэнэм кьрахьэжьэ Іуэху дахэхэр сытым дежи даІыгъыну, абыкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуну республикэм и унафэщІэхэр хьэзырщ.

Къуэдзокъуэм жэуап иритащ кьызэхуэсахэр зыгъэпІейтей упщІэхэм. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщІэ, Аушыджэр кьуажэм щауху мэжджытым теуухар. Илъэс зыбжанэ хуауэ ухэзыгъэ лэжьыгъэхэр кьызыщэтеувыІа мэжджытым и къэкІуэнум ехьэлІауэ Къуэдзокъуэм жиІащ Іэмал зэриІэкІэ ухэзыгъэм ирахьэлІэ материалхэмкІэ щІэгъэкъуэн яхуэхъуну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъ Иуан Жаннэ

● Дифі догъэхъапІэ

Къытщіэхъуэ щіэблэр тэмэму гъэсэныгъэ егъэджэныгъэ зи щіэныгъэрэ къарурэ езыхьэлІэу зи Іэнатіэр езыхьэкІэм ящыщщ Джэрмэншык къуажэм дэт курыт школым щылажъэ Иуан (Къуэныкъо) Жаннэ. Егъэджэныгъэм и Іэмалыщіэхэм сыт щыгъуи лъыхъуэу, ахэр лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпу фІыуэ зыльагъу и Іэщіагъэм илъэс 30-м нэсауэ пэрытщ Жаннэ.

ДЖЭРМЭНШЫК дэт курыт школыр 1983 гъэм ехъулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, Жаннэ щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэфилологие факультетым. ЗыщІэхъэпса Іэщіагъэр зригъэгъуэта нэужь, егъэджакІуэ ныбжьыщІэм лэжьэн щыщІидзащ Чёрнэ Речкэ жылэм дэт курыт школым. Урысыбзэмрэ литературэмрэ сабийхэм ягиръэджу илъэси 4-кІэ аІэ щыІа нэужь, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу лэжьыгъэм щыпищащ и къуажэм дэт курыт школым.

Жаннэ зи лэжьыгъэр творческэу езыхьэкІ, дэтхэнэ дерсми щІэщыгъуагъ хэлъхьэным гурэ псэкІэ хущІэкъу егъэджакІуэ Іэкіуэпхакіуэщ. Абы бгъэдэлъ Іэзагъыр хуэунэтІащ зи анэдэлъхубзэр, лъэпкъ литературэр, хабзэр, щэнхабзэр фІыуэ зыльагъу, пщІэ хуэзыщІ хэкупсэ цІыху къэгъэхъуным. ЕгъэджакІуэм и деж кІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ сабийм и гупсысэр къызэриІуэтэфым, абы зэрызиужьым, зэрызиузэщІым. Дэтхэнэ урокми нэгъэсауэ зыхуегъэхьэзыр абы, и гъэсэнхэр и предметым нэхъыбэу зэрыдригъэхьэхьанымеІалІэу. Апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэр псыхкІуэдэ зэрымыкъуэм и щыхьэтщ.Жаннэ иригъаджэжэр адыгэбзэмкІэ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм жыджэру зэрыхэтыр, щІэныгъэ куу къагъэлъагъуэу, текІуэныгъэхэр къыщахьу.

И гъэсэнхэм я екъулІэныгъэхэрщ егъэджакІуэм и гур хэзыгъахъуэр, и лэжьыгъэ гугъур тынш къыщызыщІыр. Ахэращ ар нэхъыбжьым тезыгъэгушхэри. Иуаным и Іуэху зехьэкІэр мызэ-мытІэу утыку кьриХьащ, абы арэзы техъуащ районым, республикэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм щыкІэлъэплъ къэпщытакІуэхэри. Школым адыгбзэр щезыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта егъэджакІуэм и урок купщІафІэхэм зыкъраГъэхьэлІэ Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэми икІи дерс куэд къыхах. Жаннэ и зэфІэкІ щигъэлъэгъуащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм «Адыгэ псалъэ» газетымрэ ираГъэкІуэм «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсэ фестиваль-зэпеуэм. Джэрмэншык курыт школым (унафэщІыр Тумэ Марьянэщ) щекІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр зэрыкуур, зэрыкупщІафІэр къэпщытакІуэ гупым езыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Иуаныр. Жаннэ иригъэкІуэкІа дерсыр нэхъыфІхэм хабжащ, къэпщытакІуэхэми яГу кьинэжа урок зэІуэат абы 11-нэ классым щита дерсыр. Ар теухуат драматург щІэрыІуэ, тхакІуэ, усакІуэ Іэзэ ІутІыж Борис и творчествэм лъагъуныгъэм щиубыд увыІпэм. Щэджащэм и къалэмыпэм къыпыкІа тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ Іыхьэхэр кьигъэсэбэпурэ, Иуаныи и гъэсэнхэр хуишащ щыіуу гъаІэр зэІэтезыІыгъэ гурыщІэхэм я нэхъыщхьэр Хэкум, анэм я лъагъуныгъэхэр арауэ зэрыщытым.

Иуаныр илъэс куэдкІэ лэжьащ школым и унафэщым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэу. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм къыдэкІуэу, Жаннэ къызыхуэтхьэлъ ныбжьыщІэхэм я Іуэхуэхэр. Ар щытащ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдэхэм я фэеплъыр хьумэнымрэ щІалэгъуалэм ядэлэжьэнымкІэ къуажэ комиссэм и унафэщІу. Абы и нэІэм щІэту къызэрагъэпэщ икІи ирагъэкІуэкІ зэІуэщІэхэр, пшыхь зэмылІэужьыгъуэхэр адрейхэм кьахэщырт япкърыльтэ гупсысэкІэ, купщІэкІэ. Ноби аращ. Жаннэ къызэригъэпэщ классщІыб лэжьыгъэхэр хуабжьу сэбэпщ щІэблэр къызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэу къэгъэхъунымкІэ, гъащІэм кьыщыхьу Іуэхугъэхэр зэпкърахьыфу ещанэмкІэ. Абы зэи блигъэкІыркъым къэралым, республикэм щагъэлъапІэ махуэшхуэхэм ятеуха дерс щхьэхуэхэр имыту, ди лъэпкъым, адыгагъэм екьэлІа классщІыб лэжьыгъэхэр иримыгъэкІуэкІыу. Мы гъэм Жаннэ итащ Текіуныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум хуэгъэпса дерс купщІафІэхэр. Апхуэдэу ар жыджэру хэтащ Адыгэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу Аруан щыІналъэм щекІуэкІа райончпсо фестивальм. «ЗэІуэсм псэ хелъхьэ», - зыхуэІэ щыхуущ зи зэфІэкІхэр лъагэ Иуаныр.

Зэфіх апхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэр гулъэтэншэ хьуакъым. Иуаным мызэ-мытІэу хуагъэфэщащ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкіэ район Іэнатіэм, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, УФ-м и МВД-м Аруан щыІналъэм щиІэ къудамэм, Щоджэнщ Іыкіу Алий и цІэр зезыхъэ псапащІэ фондым, нэгъуэщІ Іуэхуэщіапіэхэми кьабгъэдэкІаэр.

ЕкъулІэныгъэфІхэр зи Іэнатіэм щызыІэрызыгъэхьэ егъэджакІуэм унагъуэ дахи иІэщ. Абырэ и щхьэгъусэ Зауррэ зэгуфыуэрэ зэдэІуэжу мэпсэу. Абыхэм ялъхьу нэхъыжь Дианэ инженер-экологщ. НэхъыщІэ Марьянэ фармацевт Іэщіагъэм щуеджащ. Ахэр тІури унагъуэщ. Жаннэ щоГуфІыкІ быныжьи, абыхэм ялищІ и гъэсэнхэм я екъулІэныгъэхэр. Зигъэнэми и текІуэныгъэм анэм, егъэджакІуэм, гъэсакІуэм и лъэр нэхъри щІегъэкІ.

ЩІэблэм анэдэлъхубзэр егъэджным, зэкъупсэу гъэсэным псэ хьэлэлу пэрыт егъэджакІуэм екъулІэныгъэхэр иІэну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Хэкум и ехъулІэныгъэр игъэнэхъапэрт

● Жыжьэ - гъунэгъу

Къытщіэхъуэ щіэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм егъэгъуэтыныжьмкІэ къалэныщхуэ ди пщІэ къыдохуэ нэхъыжьхэм. Щалъхуа щыналъэр яціыхуу, абы и тхыдэм щыгъуэзэрэ къызыхэкІа лъэпкъ лакъуэри яціэжу ныбжьыщІэхэр къэхъун папщІэ, дэ абыхэм щІэину къахуэдгъэнэн хуейщ ди гупсысэхэр, Іуэхущіафэхэр, ди адэжьхэм псэукІуэ, дуней еплъыкІэрэ тетыкІэу яІахэм ятеухуауэ дызыщыгъуазэхэм зэрыхъукІэ щІэдгъэдэІун хуейщ. Си тхыгъэр теухуащ Іпуп лъэпкъым щапхъэ зытепх хъуну кьахэкІа адыгэлІым. Ар къэралым, республикэм, щалъхуа Щхьэлыкъуэ жылэм я екъулІэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ игъэнэхъапэу псэуа Іпуп Жанхъуэт Ибрэхьим и къуэрщ.

ЖАНХЪУЭТ и адэ Ибрэхьимрэ сэ си адэшхуэ Индирсэр зэкъуэшщ. Ахэр пхъэм хуабжьу хуэІэкІуэлъакІуэт: нэхъыжь Индирс и Іэкіэ ищІа псы щхьэлышуэу дэтащ ар къыщалъхуа Щхьэлыкъуэм, иужькІэ и унагъуэр и гъусэу здэІэпхъуа Джэрмэншыки. Щхьэлыкъуэ къыдэна шынэхъыщІэ Ибрэхьим пхъащІэ Іэзэт. Абы ищІ стІолхэр, щэнтхэр, шкафхэр, пхъэ гъуэлъыпІэхэр адрейхэм кьахэщырт я фІагъкІи тепльэкІи. Ибрэхьим хуабжьу фІэфІт и Іэдакъэ кьыщІэкІ унэлъащІэхэм лъэпкъ тхыпхъэщІыпхъэ зэмылІэужьыгъуэхэр тришІыкІын, кІыхьибзыкІын. ГуащІэдэкІым щІапІыкІ щІэблэм кьащІэхъуахэри езыхэм яхуэдэу лэжьакІуэшхуэхэм я ныбжьыкІэ.

Ибрэхьимрэ и щхьэгъусэ Кьанцыкіуэрэ (ар Пщыцыкіуэ япхъэт щІалитхуэрэ хъыджэбзищэ здэгъуэтащ. Жэпэгуэгъэ революцэ иныр текІуэу, совет властыр ди щІыналъэм щагъэнэуа нэужь, унагъуэщхуэм и нэхъыжьхэм гурэ псэкІэ кьащтащ псэукІэщІэ лэжьыгъэхэр хуабжьу сэбэпщ щІэблэр къызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэу къэгъэхъунымкІэ, гъащІэм кьыщыхьу Іуэхугъэхэр зэпкърахьыфу есэнымкІэ. Абы зэи блигъэкІыркъым къэралым, республикэм щагъэлъапІэ махуэшхуэхэм ятеуха дерс щхьэхуэхэр имыту, ди лъэпкъым, адыгагъэм екьэлІа классщІыб лэжьыгъэхэр иримыгъэкІуэкІыу. Мы гъэм Жаннэ итащ Текіуныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум хуэгъэпса дерс купщІафІэхэр. Апхуэдэу ар жыджэру хэтащ Адыгэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу Аруан щыІналъэм щекІуэкІа райончпсо фестивальм. «ЗэІуэсм псэ хелъхьэ», - зыхуэІэ щыхуущ зи зэфІэкІхэр лъагэ Иуаныр.

Зэфіх апхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэр гулъэтэншэ хьуакъым. Иуаным мызэ-мытІэу хуагъэфэщащ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкіэ район Іэнатіэм, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, УФ-м и МВД-м Аруан щыІналъэм щиІэ къудамэм, Щоджэнщ Іыкіу Алий и цІэр зезыхъэ псапащІэ фондым, нэгъуэщІ Іуэхуэщіапіэхэми кьабгъэдэкІаэр.

ЕкъулІэныгъэфІхэр зи Іэнатіэм щызыІэрызыгъэхьэ егъэджакІуэм унагъуэ дахи иІэщ. Абырэ и щхьэгъусэ Зауррэ зэгуфыуэрэ зэдэІуэжу мэпсэу. Абыхэм ялъхьу нэхъыжь Дианэ инженер-экологщ. НэхъыщІэ Марьянэ фармацевт Іэщіагъэм щуеджащ. Ахэр тІури унагъуэщ. Жаннэ щогуфІыкІ быныжьи, абыхэм ялищІ и гъэсэнхэм я екъулІэныгъэхэр. Зигъэнэми и текІуэныгъэм анэм, егъэджакІуэм, гъэсакІуэм и лъэр нэхъри щІегъэкІ.

ЩІэблэм анэдэлъхубзэр егъэджным, зэкъупсэу гъэсэным псэ хьэлэлу пэрыт егъэджакІуэм екъулІэныгъэхэр иІэну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ЕГЭ-2016

Хъарзынэу полъэщ

Хабзэ хъуауэ, курыт школыр къэзыухъэм нэгъабэ льандэрэр ирагъэтх Зыуэ щыт къэрал экзаменыр ятыныжьмкІэ хуитныгъэ къезыт къызэрапщытэ тыгъэ лэжьыгъэ - сочиненэ (изложенэ). Ди гуапэ зэрыхъущи, дыгъэгъазэм екІуэкІа апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм ехъулІэныгъэ яІэу пэльэщащ КъБР-м 11-нэ классхэр къыщызыух псори.

КЪЫЗЭРАПЩЫТЭ лэжьыгъэр ягъэзэщІащ республикэм и курыт школ 226-м я 11-нэ классхэм щІэс еджакІуэ 4345-м. Сочиненэ ятхащ ныбжьыщІэ 4277-м, адрей цІыху 68-м изложенэ ятхмэ нэхъ къащтащ.

ШколакІуэхэм ятха лэжьыгъэхэр ятеухуат темэ зэмылІэужьыгъуэ тхум. Къэпщытэныгъэхэм хэтахэм я нэхъыбэм (процент 46,5-м) я тхыгъэ лэжьыгъэр траухуащ лъагъуныгъэмрэ щІыхь зэрыпсэмрэ. НыбжьыщІэхэм я Іыхьэ тхуанэр нэхъ дихьэхащ гъаІущІэм и зэхэтыкІэм, ар хэхыныгъэ защІэу зэрекІуэкІым. Школакіуэхэм ящыщу тхылъ еджэным тетхыхьыфар проценти 9-м щІигъущ.

Дауэ мыхъуми, ныбжьыщІэхэм я процент 98-р къэпщытэныгъэм хъарзынэу пэльэщащ. Абыхэм яхуэзэфІокІ я гупсысэхэр тэмэму яубзыхуну, ахэр щІэзыгъэбыдэ щапхъэхэр литературэм кьыхахьыр къахьыну.

Зи лэжьыгъэр нэмыщІысауэ хъалъытахэм е къэпщытэныгъэм щхьэусыгъуэкІэ кьримыхьэлІэфахэм папщІэ апхуэдэ тхыгъэ лэжьыгъэ кьиззэрагъэпэщынущ 2016 гъэм мазаем и 3-м, иужькІэ - накъыгъэм и 4-м.

ТАМБИЙ Линэ.

● Шапсыгъ

Школым фІыкІэ хуоупсэ

ТІуапсы къалэм дэт курыт школ №5-м игъэлъэпІащ къызэрызэІуахрэ илъэс 85-рэ зэрырикъуар. Совет Союзым и ЛІыхъужь, ТІуапсым щІыхь зиІэ и цІыху, вице-адмирал Щедрин Григорий и цІэр зезыхьэ еджапІэр ящыщщ щІыпІэм щылажьэ апхуэдэ Іуэхущіапіэ лъэрыгъэхьэхэм.

ФІыуэ иІьагъу и школым и гъусэу махуэшхуэр игъэлъэпІащ абы математикэр щезыгъэдж Хьэхъу (ТІэш) Зинаидэ. Абы езым а школыр хуиухащ, илъэс 35-рэ ирокъу абы зэрыщылажьэрэ, и Іуэху зехьэкІэкІэ куэдым щапхъэ яхуэзыхуу. ЕгъэджакІуэ Іэкіуэпхакіуэм и лэжьыгъэфІхэм щапхъэ къэрал дамыгъэхэр, щытхъу, фІыщІэ тхылъхэр. Абыхэм яхэтщ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм кьыбгъэдэкІаэри.

- Ди школым и махуэшхуэр абы щылажьэ дэтхэнэм ди дежкІи мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъэщ, - жеІэ Зинаидэ. - Зы унагъуэм хуэдэу зэдэпсэу икІи псэ хьэлэлу зэдэлажьэ гупщ ди школыр. Гуэныгъэ купщІафІэ кьэзыкІуа ди еджапІэм фІыкІэ дыхуоупсэ.

Афэрым, «Гунэс»!

ТІуапсы иджыблагъэ щекІуэкІащ «Къафэм и дуней» фестиваль-зэпеуэр. Краснодар, Новороссийск, Апшеронск, Усть-Лабинск къалэхэм, ТІуапсы районым щыщ творческэ гуп 30-м нэс зыхэта а зэпеуэм, ди гуапэ зэрыхъущи, и лауреат хъущ Агуей-Шапсыгъ жылэм Сабий гъэзэджэмкІэ и школым адыгэ къафэмкІэ и «Гунэс» ансамблыр.

ЩХЬЭПАХЪУЭ Заур, Нэгъуащ Аким, Махуэгъэл Беслъэн, Ачыхъ Ахьмэд, Курт-оглы Эльвис сымэ зыхэт «Гунэс» гупым и дежкІэ апхуэдэ текІуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Гупым и унафэщІ Щхьэлахьэ Заур зэрыжиІэмкІэ, къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 3 фІэкІа мыхъуа ансамблым зэкІэ хэтыр цІыхухъу защІэщ, ауэ дяпэкІэ бзылъхъугъэхэри хагъэхьэнущ.

Утыкушхуэм ягъэкъыщІихьэм, текІуэныгъэ кьызэрахьам хуабжьу щогуфІыкІ гупым хэт псори. Я зэфІэкІхэм апхуэдэу хагъахъуэмэ, шэч хэлъхьэм: «Гунэсыр» куэдым гунэс ящыхъуу щытпІагъэнущ кьэралпсо утыкухэми.

Хъурэлым и зэфІэкІ

Новомихайловский жылэм дэт Сабий спорт школ №10-м и гъэсэн Хъурэл Богдан и цІэр щІэх-щІэхыуэ фІыкІэ хьоІу. СССР-м спортымкІэ и мастер, УФ-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и отличник Куюмджян Сергей и гъэсэн щІалэм ехъулІэныгъэ кьыщихьащ Сочэ къалэм бэнэкІэ хуитныкІэ иджыблагъэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм.

- БОГДАН гушхуэныгъэ хэлъу хэтащ зэпеуэм, текІуэныгъэхэр зыІэригъэхьэу, - жеІэ Куюмджян. - Абы кьихьа ещанэ увыІпэр хъарзынэщ, арщхьэкІэ щІалэр абдеж кьыщыувыІэнукъым. Абы зэфІэкІыщхуэ бгъэдэльщи, ар кьыигъэсэбэпынущ, нэхъ пхагаПІэ инхэм хущІэкъунущ. Дэ абы куэдкІэ дыщогучъ.

НЫБЭ Анзор,
«Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

ЩІэныгъэ мыкІуэщІыр сабийхэм ярет

● Щапхъэ

ГъэсакІуэ, егъэджакІуэ Іэщіагъэхэр кьыхэзых дэтхэнэ зыми и гумрэ и псэмрэ я лэжьыгъэм сытым дежи етауэ щытын хуейщ. Гупльытэ хэха сабийхэм яхуэзыщІыпхъэ я Іэщіагъэм абыхэм щІэныгъэ ябгъэдилъхьэным и пэ къиХуэу, езы сабийхэр фІыуэ иІьагъуу, ахэр и хьэлымкІэ, теплъэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ къыдихьэхьфу щытын хуейщ. Апхуэдэщ зи гугъу фхуэсщІыну бзылъхугъэр. Ар и къаруми и зэманми емыблэжк, сабийхэр гуроп псэкІэ фІыуэ зыльагъу Кърымщокъал Іэсият Мунэзэр и пхъурщ.

КЪАМБИЙ Мухьэб и цІэр зэрихьэу Къармэхьэблэ къуажэм дэт курыт школ №1-м и егъэджакІуэ пажэхэм ящыщщ Іэсият. Илъэс 41-рэ хъуауэ и Іэщіагъэм иролажьэ ар: класс нэхъыжьым щІэсхэр илъэсищкІэ иригъэджащ, адрей илъэс 38-м пэщІадзэ классым кІуэ сабийхэр ирегъаджэ.

Кьулъкъужьм дэт курыт школыр кьызэриухыу Іэсият еджэным щІопищащ Налшык дэт педагогикэ училищэм икіи ар екъулІэныгъэкІэ 1974 гъэм кьиухащ. Абы и ужькІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъущ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым филологиемкІэ и факультетым урысыбзэмрэ литературэмкІэ, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм.

Іэсият зыцІыху дэтхэнэми кьыбжиІэфынущ ар зи Іэщіагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, псэ хьэлэл зиІэ, нэмыс зыхэль бзылъхугъэ щыпкъэу зэрыщытыр. ЩІэныгъэфІ зэрыригъэгъуэтым кьыдэкІуэу, Іэсият иригъаджэ сабийхэм хьэл-щэн дахэ яхельхьэ: ахэр гъэсащ, Іэдэбщ, щэнкфІащ. Іэсият и программэр гъэщІэгъуэну зэхэлъхьащ, Ар сабийхэм ядолажьэ инноваци технологиехэм тету. Абы Іэмал куэд кьегъэсэбэп, еджакІуэхэр есэпым темызэшэу кьыдихьэхьи папщІэ. Псалъэзэблэдз зэмылІэужьыгъэхэм я жэуапхэр кьарегъэгъуэт, зым итхар адрейм кьрегъэпщытэж, цІыкІуэхэр гуп-гупурэ зэпрегъауэ. Дерсхэр Іыхьэ-Іыхьэу зэпеудри, гъэщІэгъуэну иригъэкІуэкІ.

ЕгъэджакІуэ кьудей мыхъуу, унагъэхэри щапхъэ зытепх хъуну бзылъхугъэщ Іэсият. И унагъуэ, и лъэпкъ игъэлъапІэу, и анэдэлъхубзэм хуэфащэ гулъытэ хуищу, адыгагъэ бгъэдэлъу, пэжыр и гъуазэу мэпсэу ар. Абы хуэзэфІэкІащ и бынхэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтын, гъэсэныгъэ нэс ябгъэдилъхьэн, зэманым декІуу гъащІэм гъэзгу пэж щытригъэувэн.

И гуащІэдэкІ хьэлэлым папщІэ Іэсият мызэ-мытІэу хуагъэфэщащ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, и гъэсэнхэр урысейпсо олимпиадэхэм екъулІэныгъэ яІэу зэрыхэтам кьыхэкІыу 2013 гъэм кьрата щытхъу тхылъыр, ЩІалэгъуалэ зэчиифІахэм ядолэпыкъунымкІэ центру Алтай краим и Бийск кьалэм щІэІэм кьыбгъэдэкІа Іэсиятрэ щІэблэ тхылъыр, «Граммэтикэ нэжэгужэ» щІыналъэпсо зэпеуэм и гъэсэныгъэ зэрырыцІыкІыуэм папщІэ кьыхуагъэфэщащ, нэгъуэщІхэри.

ЕгъэджакІуэм и лэжьыгъэр гугъущ икіи жэуапльныгъэ ин зыпылъщ. Сыт хуэдиз Іэзагъэр шыІэныгъэрэ пхэлъын хуей уи гъэсэнхэм ящыщ дэтхэнэми кьызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэ, нэхъыжьхэр зэрызымыгъэукІытэн цІыху кьаухэкІын папщІэ. СызэригугъэмкІэ, апхуэдэ кьызэхуэлІэхэр егъэджакІуэ Іэщіагъэм кьыхуагъэуа цІыхухэращ. Апхуэдэщ зи гугъу фхуэсщІа Кърымщокъал Іэсият. Аращ абы иригъаджэхэри, кьыдэлажьэхэри, адэ-анэхэри щІыхуэзарэзыр, пщІэ щІыхуащІыр.

Зи Іэхьу зехьэкІэ екІумкІэ жылэм апхуэдэ пщІэ кьыщызылэжьа бзылъхугъэ гуащІафІэм дохъуэхъу адэкІи ефІэкІуэну, и лэжьыгъэм гучыдэж кьруту куэдрэ псэуну. Мы усэ сатырхэмкІи сыхуоупсэ егъэджакІуэ Іэзэм.

Уэркіэ догушхуэ

Кьармэхьэблэр, Іэсият, уэркІэ дэ догушхуэ, Егъэджакіуэ нэсу щапхъэ зытрах. Бгырыс цІыхубз щыпкъэу адыгэ бзылъхугъэм Уи зэфІэкІыр куущи, уи нэмысри екІуц. Зэхэгъэж уимыІэу, цІыкІуэхэр зэхуэбгъадэу, Псэкіэ фІыуэ плъагъуу сабийм уахэтыфщ. Егъэджакіуэ вагъэуу щІэблэм уагъэльапІэу, ЩІэныгъэ мыкІуэщІыр сабийм иботыф. Уи гъэсэнхэр гуфІэу, ахэм гунэдж хъуату, Псэ хьэлэл лэжьыгъэм уи пщІэр ин ищІащ. Ебгъэджа ди хьэлэлым фІыкІэ ягу укъэкІыу, Узышнагъэ уиІэу Тхьэшхуэм уигъэпсэу!

БЕЙТЫГЪУЭН ФатІимэ.
Кьармэхьэблэ къуажэ

Гум къехуэбылІэ Щоджэнцілыкіу Алий

Щоджэнцілыкіу Алий къызэралъхурэ илъэси 115-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу Налшык къалэ дэт библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэмрэ Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ щадэлажьэ центрым и «Щэху уэздыгъэ» литературэ студиемрэ пшыхь ирагъэкІуэкІащ.

АБЫ ХЭТАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэ, Щоджэнцілыкіу Алий и къуырылъху Хьэкіуащэ Мадинэ, Щоджэнцілыкіу Алий и цІэр зезыхьэ фондым и унафэщІ Щоджэнцілыкіу Леонид, усакІуэ щэджащэм и музейм и унафэщІ Щакіуэ Марьянэ, къалэ библиотекэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Мэшыкъуэ Людмилэ сымэ, сабийхэм я адэанэхэр, нэгъуэщІхэри.

Пшыхьыр щІидзэным ипэ къыхуэу библиотекэм и лэжьакІуэ Щэрдан Эллэ игъэхьэзыра гъэльэгъуэныгъэхэм ирагъэблагъащ къызэхуэсахэр. Абы зэхуихьэсат усакІуэ цІэрыІуэм и тхыгъэхэр зэрыт тхылъхэр, абы и сурэтхэр, сабийхэм Алий хуэхалъхьа усэхэр, ящІа сурэт цІыкІухэр.

Адэкіэ псори екІуэлІащ зэІуІщІэр щекІуэкІыну пэшым. Утыкур ягъэдэхащ категорие нэхъыщхьэ зиІэ егъэджакІуэ, Урысей Федерацым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Таз ФатІимэ зи унафэщІ «Щэху уэздыгъэ» литературэ студием и къэсэнхэм, Налшык къалэ дэт школ №17-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Щад Эммэ и нэІэм щІэт ныбжьыщІэхэм.

Абыхэм къагъэлъэгъуащ езыхэм зэхалъхьа презентацэу усакІуэм и гъащІэм, и творчествэм теухуар, езы цІыкІухэр Щоджэнцілыкіу Алий и музейм щыщІыІам траха сурэтхэри хэту.

ИужькІэ утыкум кърагъэблагъащ Алий и усэхэм кьеджэнчуэр. Апхуэдэ гупыж зыщІахэр куэд дыдэ хъурт. УсакІуэшхэм адыгэбзэкІэ итхам и мызакъуэу, цІыкІуэр кьеджащ урысыбзэкІи балъкъэрыбзэкІи зэдзэкІаущ щыІэ абы и усэхэм.

ЗэІущІэр гъэщІэгъуэн пщыІэщІыр цІыкІухэр Алий и усэхэм, и поэмэхэм щыщ пычыгъэхэм къызэреджэм и закъуэтэкъым, атІэ хьэлэмэтт езыхэм Алий траухуа я Іэдакъэщ Іэкіэхэри. Хэти, зы едзыгъуэ фІэкІа мыхъу усэ кІэщІ цІыкІу итхат, хэти, нэхъ кІыхьу зэхилъхьат. 5-9-нэ классхэм щІэс сабийхэм апхуэдэ гупсысэ куу, дахэ кьызэрахьр пфІэгъэщІэгъуэну уедалуэрт. Къулыкъужьн Ищхьэрэ къикІа, 9-нэ классым щІэс Бабыгуей Миланэ и усэм кьеджэн ипэ жиІащ Щоджэнцілыкіу Алий я кьуажэм щеджауэ зэрыщытар икІи Къулыкъужьн теухуауэ усэ эритхар, абы кьуажэдэсхэр зэрыригушхуэр.

Я усэхэм кьеджа нэужь, Бабыгуей Миланэрэ Аушыджэр курыт еджапІэм къикІа Бэдракъ Асльэнрэ «Мадинэ» поэмэм щыщ пычыгъуэ (Кьасымрэ Дадусэрэ я псальэмакъыр) кьагъэлъэгъуащ.

Адэкіэ псалъэ ираташ Хьэкіуащэ Мадинэ. Абы жиІащ пшыхьыр гъэщІэгъуэн дыдэ зэрыщыхъуар, апхуэдэу Алий и Іэдакъэщ Іэкіэхэр фІыуэ ялъагъуу, яфІэфІу щІэблэм зэраджьыр зэригуапэр. Адэкіи ехъулІэныгъэ яІэну ехъуэхъуащ.

Хьэщ Іэхэм ящыщ Щоджэнцілыкіу Леонид къыщыпсалъэм жиІащ нобэ утыкум ита сабийхэм хуэдэ адыгэм дызэриІэм зэрыригушхуэр. Зэчий зыбгъэдэлъ дэтхэнэ зыми гу льытауэ, литературэ гупжьейхэр кьаІэуахуэ адэкіи зегъэужьын зэрыхуэйри кьыхигъэщащ. Лъэпкъыр зэрыгушхуэн щыху кьахэкІыну щыкІуэхэм ехъуэхъащ.

Утыку итахэм псоми щІыхь тхылъхэмрэ Щоджэнцілыкіу Алий и тхыгъэхэр зэрыт тхылъхэмрэ иратащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Пшыхьхэр

● Фэеплъ

ЛІы телъыджэт

Махуэ плІыщІ ирикъуащ Налшык Аскэрхъан дунейм зэрехьжрэ. Ноби ди фІэщ тхуэщІырыкъым а цІыху телъыджэр къыпхэмытыжу. Аскэрхъан 1930 гъэм дыгъэгъаэзэм и 24-м Старэ Урыху къуажэм къыщалъхуащ. Я жылэм дэт курыт еджапІэр дыжьын медалкІэ къыуха нэужь, Налшык медучилищэм щеджащ. Дзэм къулыкъу щызыщІэну щІэхъуэпс щІалэр щІотІысхьэ зауэ хуэІуэхъущІэхэм щыхурагъаджэу Владикавказ дэт училищэм икІи ар фІы дыдэу къеух. И щІэныгъэм хигъэхъуэм нуэрад иІэу, маршал Шапошниковым и цІэр зезыхьэ академиери Красноярск дэт пединститутри къеухых.

НАЛО Аскэрхъан илъэс 26-кІэ къулыкъу щищІащ къэрал кІуэцІыдзэм. Взводым и командиру, лейтенанту щІидзэри, полкым и командир хъуащ, полковник цІэри къыфІащащ. Ар щытащ СССР-м и МВД-м Индыл-Вятко щІыналъэм щІэр дзэхэм я оперативнэ штабым и унафэщІым и къуэдзэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэ самбэмкІэ «Спортым и мастер» зыфІащар Нало Аскэрхъанщ. Ар ди республикэм атлетикэ псынщІэмкІэ и чемпион хъуащ. Лъэпкъ бэнэкІэмкІи спортым и мастерщ.

Къэрал кІуэцІыдзэм щыхэта лъэхъэнэм Налор гурэ псэкІэ и хэкум хуэлэжьащ икІи мызэмытІэу саугъэт зэхуэмыдзэхэр къыхуагъэфэщащ. Абы кьратащ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, медаль зэхуэмыдзэу 12.

Отставкэм кІуа нэужь, полковник Нало Аскэрхъан и гъащІэр щхьэхуэзыхь хуиІащ лъэпкъым и щІэблэр зэкупсэу гъэсэным. Ар Ветеранхэм я советым и унафэщІым и къуэдзэу, ветеранхэм я Іуэхугъэм и къуэдзэу, ветеранхэм я Іуэхугъуэ.

Нало Аскэрхъан и дуней тетыкІар, абы хэкум хуиІа лъагъуныгъэр щапхъэщ къытщІэхъуэ щІэблэм дежкІэ. Дигу ихунэкъым а лІы телъыджэр - ди ныбжьыгъур, лэжьагъур.

ДУМАЙ Борис,
КъБР-м и МВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.

● Зэпеуэ

Зэребгъажьэщ

Кооперацэм, правэмрэ экономикэмкІэ щыхуэгъажьэу Белгород дэт университетым и къудамэу Налшык щыІэм щекІуэкІащ Студентхэм я дунейпсо махуэм хуэхэа пшыхь-зэпеуэ. Утыкум я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ еджапІэм и факультет зэмылІэужьыгъуэхэм я япэ курсым щеджэ студентхэм. Гупхэр зэхьэзэхуащ акъыл жанагъкІэ, гуры хуагъкІэ, уэрэдкІэ, къафэкІэ, видеогъэлъэгъуэныгъэкІэ.

УЭРЭДКІЭ гупхэр щызэпеуэм наІуэ къэхъуащ ныбжьыщІэхэм уэрэд зыуэ, макъамэ зытхи зэрахэтри. «КВН-зэпеуэм» щызэхагъэкІащ зэт гушхуауэ, игу утІыпщауэ утыкум итыфми, видеогъэлъэгъуэныгъэхэр зэрызэхагъэува щыкІэм къыбжиІэрт студентхэр зэрынабдзэгубдзаплъэр.

Зэпеуэм япэ увыпІэр къыщыхьащ ЭО-11 гупым (абы хэм ядж экономикэмрэ бухгалтер учётымрэ). ЕтІуанэ хъуащ ЭО-11* гупыр. ПО-11*-р ещанэщ. Уэрэд жыІэнымкІэ япэ ищащ Апыч Каринэ. Нэхъ дахэу къэфауэ къалъытащ ЭО-11 гупым хэт пщащэхэр. «КВН теплъэгъуэри» нэхъ къызэхъулІар ЭО-11 гупырщ.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкІахэр саугъэтхэмрэ щІыхь тхылъхэмкІэ ягъэлъапІащ. Абыхэм ехъуэхъуащ институтым и унафэщІ, зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым и пашэу щыта **Щоджэн Ахьмэд**.

- Лэжьыгъэ купщІафІэ евгъэкІуэкІащ ныбжьыщІэхэми абыхэм я егъэджакІуэхэми. Дэтхэнэ гупми къыхиха Іэщ Іагъэм и фЫпІэр къызэригъэлъэгъуэным иужь итащ. Пэжщ, дагъуэ зыхуэпщІыни уолъагъу. Сыхуейт гупым нэхъ гушхуауэ фитыну, тхылъымпІэм фемыплъу гукІэ жыфІэну. Ауэ сатхьэкъуащ языныкъуэ ныбжьыщІэхэм я утыку итыкІэм, я псэлъэкІэм, я зыІыгъыкІэм. Мыр фи япэ лъэбакъущ. Иджыри гъэунэхуныгъэхэр къыфпэщылъщ, - жиІащ Щоджэныем. Іуэхур нэсу къызэрызэригъэпэщам папщІэ ректорым фІыщІэ хуищІащ университетым социальнэ, щэнхабзэ-гъэсэныгъэ пэжныгъэхэмкІэ и кІуэдамэм и унафэщІ Шурдым (ХьэфІыцІэ) Эльмирэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

● Литературэм и илъэс

Хэт усэ къеджэр?

СурэтыщІ гъэздэхэхэмкІэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм, щеКІуэкІащ усэ кьеджэныкІэ «Кавказым и щІэинхэр» республикэ зэпеуэр, «Аллея поэзии» проектым хыхьэу. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыбзыщымкІэ (адыгэ, балъкъэр, урыс) усэ къыщеджащ.

2015 ГЪЭР Литературэм и илъэсу зэрагъэувам хьихьэу, зэпеуэр зэхьэзэрагъэпэщащ «Гъунэгъум дэІэпыкъу» республикэ сабий-щІалэгъуалэ волонтёр» зэгухьэныгъэм игъэзащІэ «Аллея поэзии» грант Іуэхум хэту, КъБР-м Лъэпкъ Іуэхуэмрэ граждан зэгухьэныгъэхэмкІэ и институтхэм ядэлажьэ управленэм яхуэхиха къэрал мылъкумкІэ. Зэхьыхьэр зи жэрдэмэхэм я мурадщ цІыхуэхэм зэхущытыкІэхэр ирагъэфІэкІуэну, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпхъэм я щэнхабзэр, бзэр, хабзэр яхъумэну, ныбжьыщІэхэр литературэм драгъэхьэхыну. Зэпеуэр кьыхэзылъхьахэм ар илъес кьэс кьызэрагъэпэщынущ.

Зэхьэзэхуэм усэ фІыуэ зыльагъу, усакІуэ ныбжьыщІэу 70-м нэблагъэ хэтащ. Классикэ тхыгъэхэм кьадэкІуэу езыхэм я Іэдакъэ кьыщІэкІаэмэ ахэр кьеджащ. КъэпщытакІуэ гупым хэтахэм кьалъытащ нэхъыфІу усэ кьеджахэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Іуэхур зэрызэхагъэкІым кІэлъоплъ

Налшык Кировым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 5-нэ, 7-нэ, 9-нэ унэхэм щІэсхэм зэрызыхуагъэзам теухуа къэпщытэныгъэ къалэ прокуратурэм иригъэкІуэкІащ.

КЪЫЗЭРЫЩІАГЪЭЩАМКІЭ, а щыпІэм щыпсэу ІутІ Ритэ зи гугъу тщІы унэхэм кьедза щІы Іыхьэхэр Іэпщіагъэкіэ зыІэригъэхьат икІи гараж зыуэхуэну хуейхэм сом мин 800-кІэ ярищат. Абы папщІэ, Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакІуэхэм дарэгъу захуищІри, ямыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ электрон Іэмалкіэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щыкІэмкІэ зыгъэ къэрал реестрым щы Іыхьэхэм я номерхэр ирагъэхьа хуэдэу тхылъ нэпцІ зэриригъэпэщат.

ИпэкъыпІэкІэ ІутІ Ритэ а щы Іыхьэхэр ейтэкъым.

Къэпщытэныгъэм теухуа тхылъхэр Налшык къалэ прокуратурэм следствэмкІэ Іэнатіэхэм яритащ. Абыхэм хэпльэри, УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ, 292-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэхэмкіэ ІутІ Ритэрэ мызэкІэ къамыхута и Іупэфіэгъуэхэмрэ яхуэгъэзэауэ уголовнэ Іуэху къызэІуахащ.

Ар зэрызэхагъэкІым кІэлъоплъ.

Хабзэм ебакъуэу ядэркъым

Жэмтхьэлэ Ипщэ, Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ къуажэхэм я щІыпІэ администрацэхэм Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм зэрызыхуагъэзам зэрызэлъпІэ щыкІэм и Іуэхукіэ законодательствэр зэрагъэзащІэр Щэрэдж щІыналъэм и прокуратурэм къыпщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэ администрацэм я щхьэ Іуэхукіэ кІуэкІэр тхылъкІэ зэкІэлъаухыркъым, щрагъэблагъэ щІыпІэр, зэманыр, сыхьэт бжыгъэр гъэбелджылакъым. КъищынэмыщІауэ, щыІэ хабзэм тету, махуэ щэщІым кьриубыдэу хэпльэн хуеями, цІыхуэхэм зэрызыхуагъэза тхылъыхьи и чэзум жэуап ягъуэтакъым.

Жэмтхьэлэ, Зэрэгъыж жылагъуэхэм я щІыпІэ администрацэхэми ахуэдэ ныкъусаныгъэхэр къыщагъуэтащ.

Къэпщытэныгъэм кьрикІуам ипкъ иткІэ, Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм щІыналъэм и прокуратурэм тхылъкІэ кьалэн ящищІащ къыщІагъэща ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну. Жэмтхьэлэ къуажэ администрацэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэм хуэгъэзауэ административнэ Іуэху къызэІуахащ икІи, щыхэплъэн папщІэ, зэзыгъэкІуэ судыщІэм хуагъэхьащ.

ИлъэсипщІым нэблагъэ къахь

Лэскэн щІыналъэм и прокурорым Іэ щІидзащ УФ-м и УК-м и 327.1-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэ зэралажьамкІэ ягъэкъуаншэхэм яхуэгъэзауэ къызэІуаха уголовнэ Іуэхукіэ тхылъым (фадэхэкІэм папщІэ акциз маркэ нэпцІхэр, апхуэдэу федеральнэ маркэ хэхахэр къызэрагъэсэбэпам къыхэкІыу).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкІэ, 2015 гъэм и бадзэуэгъуэ лъандэрэ Арщыданрэ Хьэтуейрэ езыхэм я унагъуэхэм спирт зэхэщІар птупльхэм щрагъахьуэрт, этикеткэмрэ федеральнэ маркэ нэпцІхэмрэ щытрагъауэрт. Апхуэдэ щыкІэкІэ, литр ныкъуэм хуэщІа птуплькІэ 2335-м «FINSKAY SILVER» псалъэхэр зытет этикеткэхэр кІэрагъэпщІат.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр кьащта нэужь, щыхэплъэн папщІэ, уголовнэ Іуэхур Лэскэн щІыналъэ судым ираташ.

Дэтхэнэми нэхъыбэ дыдэу ильэситхум нэс кьхъ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, КъБР-м Печатымрэ щІыхьэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хьыбар фагъащІэ пшыныеу Іэзэ, КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Бырмамыт Гуащэкъарэ Хьисэ и пхъур** дунейм зэрехьжамкІэ икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

БЫРМАМЫТ Гуащэкъарэ дунейм ехыжащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуаздэжэмрэ и щэнхабзэмрэ хэщІныныгъэшхуэ ягъуэтащ. И ныбжьыр илъэс пщІейрэ ещанэм иту дыгъэгъаэзэм и 18-м дунейм ехыжащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, пшынауэ Іэзэ Бырмамыт Гуащэкъарэ Хьисэ и пхъур.

Къэбэрдей лъэпкъым и щэнхабзэмрэ и гуаздэжэмрэ зэфІэзэыгъэува щІыхь зыбжанэм яхэтщ зи пшынэбзэр жьыжь Іуа Бырмамыт Гуащэкъарэ. 1928 гъэм Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуа пщащэ зэчиифІэм а зэманым къекІуэкІ хабзэм тету и унагъуэм пшынэ еуэкІэ щызыригъэсат. Ауэ пшынэр гъэІурыщІэн Іэзагъкіэ пщащэ ныбжьыщІэр езым хуэдэхэм къахэщым и мызакъуэу, ар икІи адыгэ пшынальэм къызэрыхуигъэщІам япэу гу лъызытар а зэманым «Кабардинка» къэфакІуэуэрджэжьакІуэ ансамблым и пшынауэ пажэу щыта Къашыргъэ КІурацэщ. Пшынауэ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэм къыхэжаныкІа пщащэр КІурацэ и гъэсэн хъуам къыщымынэу, и егъэджакІуэм и пІэ зэриувэфын Іэзагъи къызыкІуихат зэман кІэщІым. Гуащэкъарэ и пшынэ макъыр нэІусащ адыгэм зи лъэ щеувэха дэтхэнэ хэгъуэгуи.

Хэку гъуазджэм абы щыпхиша япэ лъэбакъуэхэр «Кабардинка» къэрал ансамблым епхащ. КъэфакІуэхэри уэрэджыІакІуэхэри арэзы зыщІыкІ хьыдджэбзыр мыгувэу ансамблым и пшынауэ пажэ мэхъури, къэбэрдей лэжьакІуэбэм макъамэ гуныскІэ гупсэхугъуэ езытыф артисткэ Іэзи къыхокІ. Зи бжыгъэр 150-м нэс къафэжьхэр, композитор Іэзэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа къафэщІэхэр игъэзащІэу зэрыщытам нэмыщІ, Бырмамытым и цІэр адыгэ гъуазджэм и бжаблэм игъащІэкІи итынущ «Гуащэкъарэ и къафэ» фІэщыгъэр зезыхьэ, езым зэхилъхьажа макъамэмкІи.

Зи псэр зи Іэщ Іагъэм хэлъ Гуащэкъарэ, артисткэм я хабзэу, «цІыхубэм я пащхьэм и псэр щитащ» жыхуаІэм хуэдэ хъуащ. Бзылъхугъэ жьыщхьэ махуэр 2015 гъэм дыгъэгъаэзэм и 10-м иужьрейуэ утыку къыщихьэжат Налшык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапІэм. Ар хэтащ Кавказ Ищхьэрэм щыщ щІыналъэхэм я пшынауэхэм я зэпеуэшхуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуаздэжэмрэ и щэнхабзэмрэ и уафэгум хуэфащэ дыдэу увыпІэ лъагэ щызыІыгъа пшынауэ щэджащэм жэнэтыр уналІэ хуэхъуну Тхьэ дыхуолъІэу.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Ильэсипщ Іым нэблагъэ къахь

Лэскэн щІыналъэм и прокурорым Іэ щІидзащ УФ-м и УК-м и 327.1-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэ зэралажьамкІэ ягъэкъуаншэхэм яхуэгъэзауэ къызэІуаха уголовнэ Іуэхукіэ тхылъым (фадэхэкІэм папщІэ акциз маркэ нэпцІхэр, апхуэдэу федеральнэ маркэ хэхахэр къызэрагъэсэбэпам къыхэкІыу).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкІэ, 2015 гъэм и бадзэуэгъуэ лъандэрэ Арщыданрэ Хьэтуейрэ езыхэм я унагъуэхэм спирт зэхэщІар птупльхэм щрагъахьуэрт, этикеткэмрэ федеральнэ маркэ нэпцІхэмрэ щытрагъауэрт. Апхуэдэ щыкІэкІэ, литр ныкъуэм хуэщІа птуплькІэ 2335-м «FINSKAY SILVER» псалъэхэр зытет этикеткэхэр кІэрагъэпщІат.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр кьащта нэужь, щыхэплъэн папщІэ, уголовнэ Іуэхур Лэскэн щІыналъэ судым ираташ.

Дэтхэнэми нэхъыбэ дыдэу ильэситхум нэс кьхъ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **БжьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэныдджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ І Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; зыбарыщІэхэм-кІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту яхтащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Чэрим Марианнэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щхьэщэмыщ І Иэз *(1, 2-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №2126